



Pou Piblikasyon Imedya: 29/03/2018

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

**GOUVÈNÈ CUOMO MANDE KOMISYON MIKS ENTÈNASYONAL LA POU KENBE
OSWA OGMANTE DEBI LAK ONTARIO**

Gade Lèt Gouvènè a [La a](#)

Mezi preparasyon pou inondasyon sa yo plizyè òganis ap pran, pral ede mèt kay yo, ti biznis yo ak minisipalite yo bò Lak Ontario ak Flèv St. Lawrence

Yo fè kado plis pase 19 milyon dola bay rezidan yo, biznis yo, ak gouvènman lokal yo nan rejyon Lak Ontario a nan kad pwogram redrèsman Eta a

Gouvènè Andrew M. Cuomo te pibliye yon lèt bay Prezidan Ameriken Komisyon Miks Entènasyon la (International Joint Commission, IJC) k ap mande pou antite a maksimize debi sistèm Lak Ontario a pou redui danje inondasyon an pou Nouyòk yo ki rete epi ap travay sou rivaj la. Li te pibliye lèt la anvan rediksyon debi Komisyon an planifye a jodi a, 29 Mas, nan kòmansman sezon ekspedisyon ak navigasyon an. Anplis lèt la, Gouvènè Cuomo bay yon kantite òganis eta enstriksyon pou yo kòmanse egzekite mezi k ap pran devan pou ede rezidan yo, mèt biznis yo, ak gouvènman lokal yo nan ka inondasyon ane sa a sou Lak Ontario ak Flèv St. Lawrence.

“Aprè sityasyon inondasyon katastwofik yo sou Lak Ontario ak Flèv St. Lawrence lane pase, li esansyèl pou nou rete vijilan epi pran kèlkeswa mezi ki nesèsè yo pou garanti listwa pa repete”, **Gouvènè Cuomo te deklare.** “Menm si New York antreprann yon gran evantay mezi prevansyon pou pwoteje kont inondasyon, yo tout t ap anile si IJC a ta fè erè redui debi yo. Avèk plizyè douzèn kominote ki poko fin refè, Komisyon an dwe pran bon desizyon an epi kontinye maksimize debi rivyè ak lak yo.”

Nan lèt la, Gouvènè a te ankouraje IJC a pou li kenbe oswa ogmante nivo debi yo pou redui chans inondasyon posib yo. Menm si debi Lak Ontario a kounye a pi wo lontan pase pandan menm peryòd la an 2017, malgre ogmantasyon debi sa a, nivo dlo lak la rete wo epi yo prevwa l ap monte sis pous dis 23 Avril. Kòm detwa pous dlo detèmine si yon kay abitab oswa si yon wout pasab, Gouvènè a ap mande pou desizyon sou debi yo fèt konfòmman a Trete sou Dlo Fwontalye 1909 la (1909 Boundary Waters Treaty) ki mande pataj ekkitab fado sa a. New York sètènman p ap chèche koze inondasyon nan rejyon Montreal la, men nou senpleman ta renmen pou IJC a pran tout mezi ki rezonab yo pou limite danje inondasyon yo bò Lak Ontario.

Anvan lèt Gouvènè a, plizyè òganis eta te kòmanse yon kantite mezi pou redui inondasyon ki gen dwa fèt an 2018. Sou lòd Gouvènè a, òganis eta yo kanpe pare pou deplwaye Ekip Entèkansyon Rapid Lak Ontario a (Lake Ontario Rapid Response Team), ki reyini plizyè òganis epi gen ladan ekspè ki soti nan Divizyon Sekirite Teritwa ak Sèvis pou Ijans yo (Division of Homeland Security and Emergency Services), Depatman Konsèvasyon Anviwònmantral la (Department of Environmental Conservation, DEC), Polis Eta New York la (New York State Police), Depatman Sèvis Finansye a (Department of Financial Services), ak Biwo Sèvis Jeneral la (Office of General Services), ansanm ak òganis konte ak òganis minisipal.

Divizyon Sekirite Teritwa ak Sèvis pou Ijans yo deja kòmanse deplwaye prèske 250,000 sak sab, ekipman pou fè sak sab, Aqua Dams, ak lòt resous pou entèkansyon pou garanti konte yo ak vil yo kapab pran mezi apwopriye kounye a anvan nivo dlo yo monte nan pwèn inondasyon. Anplis de sa, Depatman Konsèvasyon Anviwònmantral la kontinye pwosesis emisyon pèmi dijans li an ki otorize mèt pwopriyete yo ranfòse dig yo ak lòt estrikti pwoteksyon yo.

Komisè Depatman Konsèvasyon Anviwònmantral a, Basil Seggos, te deklare, “DEC rete angaje pou li pote èd dirèk bay mèt kay yo ak gouvènman lokal yo toupatou nan rejyon an pou okipe efè yo sou enfrastrikti a poutèt inondasyon posib. Gras a lidèchip san fay Gouvènè a, DEC kanpe pare pou li ede kominote yo lè ak si dlo yo monte epi n ap fè tout posib nou pou ranfòse rezistans pwopriyete yo bò riv Lak Ontario ak Flèv St. Lawrence”.

Komisè Divizyon Sekirite Teritwa ak Sèvis pou Ijans yo, Roger Parrino, te deklare, “Sou lidèchip Gouvènè a, Divizyon nou an deja kòmanse deplwaye premye nan yon seri resous tankou sak sab ak Aqua Dams sou pòsyon nan Lak Ontario oka ta gen inondasyon prentan sa a. Nou rete angaje aktivman avèk kolaboratè nou yo nan konte a ki bò Lak Ontario a, epitou avèk tout kolaboratè nou yo nan eta a, pou garanti yon entèkansyon rapid ak kowòdone nan ka nenpòt ki pwoblèm inondasyon”.

RuthAnne Visnauskas, ki se Komisè Renouvèlman Kay ak Kominote yo (Homes and Community Renewal, HCR) nan Eta New York, te deklare, “Renouvèlman Kay ak Kominote Eta New York yo fyè bay mèt kay yo ak minisipalite yo resous yo bezwen yo pou yo refè apre inondasyon lane pase a. Sou lidèchip Gouvènè Cuomo n ap travay nou tout ansanm pou garanti pandan n ap rebati, nou fè bagay yo yon fason entelijan epi kreye enfrastrikti solid ki pral amelyore rezistans rejyon an”.

New York rete pare pou li pran tout mezi ki nesèsè yo pou redui posibilite inondasyon sou rivaj Lak Ontario ak Flèv St. Lawrence yo. Nan yon lòt lèt li te voye bay IJC a ane sa a, Eta a te plede pou IJC a kenbe pi wo nivo debi ki posib la nan Baraj Moses-Saunders la. Yon lòt lèt Gouvènè Cuomo te voye bay Kòmandan Kò Enjenyè Distrik Buffalo Lane Ameriken an (United States Army Corps of Engineers Buffalo District) nan Distrik Buffalo pi bonè ane sa a te mande asistans nan mezi avanse pou garanti pwoteksyon kominote ki gen tandans inonde yo bò rivaj Lak Ontario a.

Jiskaprezan, Eta a distribye 19,655,848 dola fon redrèsman total pou rezidan, biznis, ak gouvènman lokal yo nan rejyon Lak Ontario a. Renouvèlman Kay ak Kominote New York yo ap administre finansman bay rezidan ak minisipalite ki sou rivaj la ki te sibi efè

inondasyon Lak Ontario a an 2017 nan kad Pwogram Sibvansyon pou Sekou ak Redrèsman Apre Inondasyon Lak Ontario-Vwa Maritim St. Lawrence la (Lake Ontario-St. Lawrence Seaway Flood Relief and Recovery Grant Program) ak Pwogram Redrèsman Enfrastrikti Lak Ontario a (Lake Ontario Infrastructure Recovery Program, LOIP). HCR distribye 18,675,000 dola nan kad Pwogram pou Sekou ak Redrèsman (Relief and Recovery Program) an pou ede mèt kay yo refè apre inondasyon epi li te fè kado 9,034,970 dola nan kad LOIP a pou pèmèt minisipalite yo amelyore rezistans yo a move tan. Anplis de sa, Empire State Development (ESD) ap administre Fon Redrèsman pou Ti Biznis nan Rejyon Lak Ontario a (Lake Ontario Small Business Recovery Fund) pou ede ti biznis yo refè apre inondasyon Lak Ontario a an 2017. ESD distribye prèske 1 milyon dola bay to biznis nan rejyon Lak Ontario a gras a fon sa a.

###

W'ap jwenn lòt nouvèl ki disponib sou sitwèb www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Ekzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)